

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode deskriptif analitik kalawan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Ratna (dina Abidin, 2019, kc. 76) yén panalungtikan kualitatif téh mangrupa hiji tarékah pikeun napsirkeun jeung midangkeun dina wangun déskriptif. Prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun déskriptif bisa mangrupa kecap, kalimah, jeung wacana dina karya sastra. Hal éta diwewegan deui ku pamadegan Sugiyono (2017, kc. 9) yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu didadasaran ku falsafah postpositivisme, nu digunakeun pikeun nalungtik kondisi obyék nu alamiah.

Métode deskriptif nyaéta prosedur matotoskeun masalah nu keur ditalungtik ku cara ngagambarkeun kaayaan obyék panalungtikan dumasar kana fakta-fakta nu aya di lapangan Megawati spk., (2018, kc. 26). Dina ieu panalungtikan anu diguar tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis dina widang ulikan sémiotik kalayan maké métode deskriptif analitik.

Désain panalungtikan minangka rarancang nu nuduhkeun panalungtik dina prosés ngumpulkeun, nganalisis, jeung interprétasi data. Lian ti éta, désain panalungtikan ogé mangupa peta konsép, atawa rarancang sangkan panalungtikan bisa nyumponan kana tujuan nu dimaksud. Désain panalungtikan nu digunakeun, dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

Désain Panalungtikan


3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tradisi *nurunkeun* nyaéta di Désa Karangpaningal. Dina prak-prakanana, panalungtik nyokot sampel di Dusun Cugantang.

Désa Karangpaningal mangrupa Désa pemekaran ti Desa Sadéwata, tanggal 05 Mei 1981. Legana wilayah Désa Karangpaningal nyaéta 510. Ha anu ngawengku 6 Dusun, 11 Rukun Warga (RW) jeung 24 Rukun Tetangga (RT) sarta jumlah pendudukna 3.768 urang. Nu ngawengku 1.910 urang penduduk lalaki jeung 1.858 urang penduduk awéwé, nu jumlah KKna 1.136. Ieu di handap mangrupa wates-wates Désa Karangpaningal:

- a. Kalér : Désa Mekarwangi Kecamatan Sukamantri
- b. Wétan : Désa Indragiri jeung Kertajaya
- c. Kidul : Désa Sadéwata Kecamatan Lumbang
- d. Kulon : Désa Sindanglaya Kecamatan Sukamantri



Gambar 3.1

Péta Lokasi Panalungtikan

Sopiatu Rohmah, 2022

TRADISI NURUNKEUN DI KARANGPANGAL-CIAMIS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA (Ulikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.2 Kondisi Sosial Budaya

a. Cacah Jiwa

Data cacah jiwa Désa Karangpaningal jumlahna aya 3.768 urang, anu ngawengku 1.910 lalaki jeung 1.858 awéwé.

Tabél 3.1

Jumlah Cacah Jiwa Désa Karangpaningal

No.	Wanda Baga	Jumlah	Persentase (%)
1.	Lalaki	1.910	51,00%
2.	Awéwé	1.858	49,00%
Jumlah		3.768	100,00%

Sumber: Data Démografi Désa Karangpaningal Taun 2021

b. Agama

Masyarakat Désa Karangpaningal ngagem agama Islam, ieu hal katitén tina data monografi yén masarakatna, nyaéta 3.768 urang, ngagem agama Islam. Dina ngalaksanakeun ibadah, masarakat Désa Karangpaningal dirojong ku sababaraha fasilitas tempat ibadah, nyaéta ayana 6 masjid Jamé jeung 29 musola. Kagiatan kaagamaan anu sok dilaksanakeun di Désa Karangpaningal di antarana nyaéta pangaosan bulanan désa, pangaosan BKMM Kecamatan Panawangan, pangaosan minggonan di unggal dusun jeung lingkungan RT. Di unggal masjid ogé sok ngalaksanakeun atawa ngareuah-reuah hari besar Islam.

Tabél 3.2

Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Agama

No	Kelompok	Jumlah		Lalaki		Awéwé	
		n	%	n	%	n	%
1.	Islam	3.768	100,00%	1.910	51,00%	1.858	49,00%
2.	Kristen Katolik	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
3.	Kristen Protestan	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
4.	Hindu	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
5.	Budha	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
6.	Kapercayaan séjen	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
Jumlah		3.768	100,00%	1.910	51,00%	1.858	49,00%

Sumber: Data Démografi Désa Karangpaningal Taun 2021

c. Atikan

Tina widang atikan katitén yén masarakat di Désa Karangpaningal miboga atikan. Najan lulusanna béda-béda timimiti SD nepi ka Strata III. Sok sanajan masih réa kénéh masarakat nu teu tamat sakola, lain hartina teu maliré kana kapentingan sakola. tapi hal éta bisa dipangaruhan ku sababaraha faktor, salasahijina faktor ékonomi masarakat anu masih kenéh kurang. lian ti éta kurangna pamahaman masarakat kana dunia atikan anu matak ngabalukarkeun masarakat loba nu teu namatkeun sakolana.

Tabél 3.3
Atikan

No.	Kelompok	Jumlah	
		n	%
1.	Tidak/ Belum sekolah	754	20,01%
2.	Tidak tamat SD/ Sederajat	258	6,85%
3.	Tamat SD/ Sederajat	1.867	49,55%
4.	SLTP/ Sederajat	606	16,08%
5.	SLTA/ Sederajat	234	6,21%
6.	Dipolma I/ II	5	0,13%
7.	Dipolma III/ Sarjana Muda	7	0,19%
8.	Dipolma IV/ Strata I	35	0,93%
9.	Strata II	1	0,03%
10.	Strata III	1	0,03%
Jumlah		3.768	100,00%

Sumber: Data Démografi Désa Karangpaningal Taun 2021

d. Pakasaban

Pakasaban masarakat di Désa Karangpaningal ngawengu sababaraha widang pagawéan di antarana nyaéta aya ibu rumah tangga (IRT), patani, PNS, wiraswasta/ pedagang, tanaga kaséhatan, jeung sajabana.

Tabél 3.4
Pakasaban

No.	Kelompok	Jumlah	
		n	%
1.	Ibu Rumah Tangga (IRT)	237	6,29%
2.	Belum/ tidak bekerja	244	6,48%
3.	Pelajar/ Mahasiswa	235	6,24%
4.	Pegawai Negeri Sipil (PNS)	41	1,09%
5.	Tenaga Keséhatan	6	0,16%
6.	Wiraswasta/ Pedagang	326	8,65%
7.	Petani	1.868	49,58%
8.	Buruh Tani	633	16,80%
9.	Peternak	30	0,80%
10.	Pengrajin	2	0,05%
11.	Pensiunan	28	0,74%
12.	Lainnya	118	3,13%
Jumlah		3.768	100,00%

Sumber: Data Démografi Désa Karangpaningal Taun 2021

e. Basa


Basa nu digunakeun di Désa Karangpaningal nyaéta basa Sunda jeung basa Indonésia. Basa nu dipaké sapopoé ku masarakat pikeun komunikasi téh nyaéta basa Sunda. Basa Indonésia mah dipaké nalika ngomong atawa komunikasi jeung nu lain urang Sunda atawa nu teu ngarti basa Sunda.

3.2.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan nyaéta hiji hal sok dipaké pikeun panalungtikan dina meunangkeun informasi atawa data. Sumber data dina ieu panalungtikan, nyaéta: (1) hasil obsérvasi jeung wawancara langsung ka narasumber, nyaéta Indung beurang jeung warga nu apal atawa kungsi ngalaksanakeun tradisi *nurunkeun*; sarta (2) hasil dokuméntasi, nu mangrupa foto, vidio, jeung rékaman sora. Anapon, data dina ieu panalungtikan nyaéta sakumna unsur sémiotik dina tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

Tabél 3.5
Data Narasumber jeung Informan

No.	Foto	Data Narasumber
1.		Wasta : Irem Yuswa : 67 Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Indung Beurang Padumukan : Dusun Surian RT.011/RW.05, Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis Atikan : SD
2.		Wasta : Juju Julaeha Yuswa : 39 Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu RT. 07 Padumukan : Dusun Cugantang RT.07/RW.04, Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis Atikan : SLTA
3.		Wasta : Rumsinah Yuswa : 37 Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Padumukan : Dusun Cugantang RT.07/RW.04, Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis Atikan : SD
4.		Wasta : Dini Antika Yuswa : 23 Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Padumukan : Dusun Cugantang RT.06/RW.03, Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis Atikan : SLTP

No.	Foto	Data Narasumber
5.		Wasta : Tita Yuswa : 31 Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Padumukan : Dusun Cugantang RT.06/RW.03, Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis Atikan : SLTP

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling stratégis dina panalungtikan, sabab tujuan nu utama tina panalungtikanna sorangan nyaéta meunangkeun data. Lamun teu nyaho kana teknik ngumpulkeun data, tangtuna nu nalungtik moal meunangkeun data nu nyumponan kana standar data nu geus ditetepkeun Sugiyono (2017, kc. 224).

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta obsérvasi partisipatif aktif, wawancara ka sawatara pihak nu kalibet kana lumangsungna kagiatan, sarta dokuméntasi kana kagiatan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal, Kecamatan Panawangan, Kabupatén Ciamis Jawa Barat.

3.3.1.1 Observasi Partisipatif Aktif

Nurutkeun Nasution (dina Sugiyono, 2017, kc. 227), obsérvasi minangka dadasar pikeun sakabéh élmu pangaweruh. Ngaliwatan observasi, hal nu ditalungtik bisa kacangkem maksud sarta eusina kalawan sistematis. Obsérvasi dina ieu panalungtikan ngagunakeun observasi partisipatif aktif. Ieu hal luyu jeung pamadegan Susan Stain back (dina Sugiyono, 2017, kc. 227), yén “*In participant observation, the researcher observe what people do, listen to what they say, and participates in their activities*”. Hartina, dina obsérvasi partisipatif aktif, panalungtik neuleuman kana naon nu dikerjakeun ku masarakat, merhatikeun kana naon nu dikedalkeun atawa dilaksanakeun, sarta miboga peran partisipasi kana kagiatan masarakat.

3.3.1.2 Wawancara

Wawancara Nurutkeun Esterberg (dina Sugiyono, 2017, kc. 233), mangrupa tepungna dua urang pikeun silih tukeur informasi jeung ide ngaliwatan tanya jawab, sangkan bisa dikonstruksikeun maksudna dina topik nu tangtu. Téhnik wawancara digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngumpulkeun data ku cara ngawawancara narasumber atawa informan nu miboga informasi ngeunaan tradisi *nurunkeun*.

3.3.1.3 Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung prosés nganalisis objék-objék data anu ditalungtik. Hasil tina téhnik dokuméntasi mangrupa wangun gambar atawa foto, audio (rékaman), jeung catatan. Ieu téhnik téh digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 102), instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngukur fenomena alam atawa sosial nu ditalungtik. Dina panalungtikan kualitatif anu jadi instrumén atawa pakakas panalungtikan nyaéta jalma nu nalungtikna. Ku kituna, instrumén anu digunakeun pikeun meuangkeun data ngeunaan tradisi *nurunkeun* nu aya di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis nyaéta saperti anu ditataan di handap.

3.4.1 Lembar Obsérvasi

Lembar obsérvasi mangrupa instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan pengamatan langsung ka lapangan. Lembar obsérvasi dina ieu panalungtikan nyaéta kagiatan tradisi *nurunkeun* nu aya di Désa Karangpaningal. Dina lembar obsérvasi tradisi *nurunkeun*, panalungtik salaku instrumén konci pikeun ngalaksanakeun obsérvasi ka lapangan.

Tabél 3.6
Lembar Obsérvasi

No.	Indikator	Perkara anu di obsérvasi
1.	Jenggléngan	a. Tradisi <i>nurunkeun</i> di Désa Karangpaningal b. Udagan tradisi <i>nurunkeun</i> c. Bédana tradisi <i>nurunkeun</i> ayeuna jeung baheula
2.	Prak-prakan	a. Hal-hal anu kudu dipersiapkeun saméméh tradisi <i>nurunkeun</i> lumangsung b. Pelaksanaan tradisi <i>nurunkeun</i> c. Waktu lumangsungna tradisi <i>nurunkeun</i> d. Tempat dilaksanakeun tradisi <i>nurunkeun</i>
3.	Properti	a. Bahan jeung properti nu kudu aya dina tradisi <i>nurunkeun</i>
4.	Palaku	a. Palaku dina ngalaksanakeun tradisi <i>nurunkeun</i>
5.	Ma'na atawa simbol	a. Unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi <i>nurunkeun</i>

3.4.2 Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun nyangking data ti narasumber sacara lisan. Padoman wawancara biasana sok disiapkeun ti anggalna pikeun jadi cecekelan panalungtik nalika ngayakeun wawancara jeung mantuan narasumber supaya dina ngajawab patalékanana teu jauh tina udagan nu baris dihontal.

Tabél 3.7
Format Biodata Narasumber jeung Informan

No.	Foto	Data Narasumber
1.		Wasta : Yuswa : Wandabaga : Pakasaban : Padumukan : Atikan :
...		

Tabél 3.8
Format Pedoman Wawancara ka Indung beurang

Daftar Pananya	
1.	Naon ari tradisi <i>nurunkeun</i> anu aya di Désa Karangpaningal téh?
2.	Naon udagan dilaksanakeunana tradisi <i>nurunkeun</i> ?
3.	Tiasa ngajéntrékeun bédana antara <i>nurunkeun</i> baheula jeung ayeuna?
4.	Iraha jeung di mana dilaksanakeunana tradisi <i>nurunkeun</i> ?
5.	Ti jam sabaraha nepi ka jam sabaraha éta tradisi <i>nurunkeun</i> dilaksanakeun?
6.	Saha anu mingpin éta tradisi?
7.	Saha waé anu bisa ilubiung dina éta tradisi?
8.	Aya kagiatan naon waé dina kagiatan tradisi <i>nurunkeun</i> ?
9.	Kumaha prak-prakan tradisi <i>nurunkeun</i> ?
10.	Hal-hal naon waé anu kudu disadiakeun nalika rék ngalaksanakeun tradisi <i>nurunkeun</i> ?
11.	Bahan jeung properti naon waé anu kudu nu disadiakeun dina tradisi <i>nurunkeun</i> ?
12.	Naon fungsi bahan jeung properti nu aya dina tradisi <i>nurunkeun</i> ?
13.	Nyimbolkeun naon tina sagala rupa hal anu nyampak dina tradisi <i>nurunkeun</i> ?
14.	Lamun ieu tradisi dilaksanakeun kaayaan mulus banglus, naon mangpaat tina ieu tradisi?
15.	Lamun teu ngalaksanakeun tradisi <i>nurunkeun</i> , naha aya mamalana?

Tabél 3.9
Format Pedoman Wawancara ka Ibu-ibu

No.	Daftar Pananya
1.	Ti iraha atanapi taun sabaraha ibu ngalaksanakeun tradisi <i>nurunkeun</i> ?
2.	Naha perlu diayakeun tradisi <i>nurunkeun</i> ?
4.	Aya teu mangpaat/karosna sabada ngalaksanakeun tradisi <i>nurunkeun</i> ?
6.	Naha uninga kana hal-hal naon waé anu kedah disadiakeun nalika badé ngalaksanakeun tradisi <i>nurunkeun</i> ?
7.	Naha uninga kana bahan sareng properti anu digunakeun dina tradisi <i>nurunkeun</i> ?
8.	Naha uninga kana fungsi bahan sareng properti anu aya dina tradisi <i>nurunkeun</i> ?
9.	Naha unging kana ma'na tina sagala rupa anu aya dina tradisi <i>nurunkeun</i> ?

3.4.3 Lembar Dokumentasi

Lembar dokumentasi mangrupa lembar instrumén panglengkep anu digunakeun pikeun ngainformasikeun data tina padoman wawancara jeung lembar obsérvasi. Tina hasil obsérvasi jeung wawancara bisa dipercaya, saupama didukung ku bukti anu geus didokumentasikeun.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Abidin & Purbawanto (2015, kc. 145), ngolah data mangrupa prosés maluruh data kana wangun basajan sangkan leuwih gampang dibaca, anu satuluyna bisa dilarapkeun nalika nyieun kacindekan tina hasil évaluasi anu dilaksanakeun.

Dina ieu panalungtikan téhnik ngolah data anu dipaké nyaéta téhnik analisis deskriptif. Analisis data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Maluruh deui data anu geus dikumpulkeun tina hasil obsérvasi jeung wawancara;
- 2) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal, nu ngawengku pedaran ngeunaan jenggléngan jeung prak-prakan tradisi *nurunkeun*, sarta bahan jeung properti anu ngarojong kana tradisi *nurunkeun*;
- 3) Nganalisis unsur sémiotik dina tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal, ngawengku pedaran ulikan sémiotik dumasar tiori Peirce anu ngabagi tanda kana tilu bagian, nyaéta ikon, indéks, jeung simbol;
- 4) Nganalisis bahan ajar, ngawengku cara nangtukeun kritéria bahan ajar jeung nyarungsum bahan pangajaran dina wangun artikel;
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil anu geus dianalisis.